**दिन—बुधवार** **दिनांक—16.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय मंत्रिमंउल आइ केन्द्रीय कर्मचारी आ पेंशन भोगी के मंहगाई भत्ता राहत मे तीन प्रतिशत वृद्धिक स्वीकृति देलक अछि। सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे बढ़ल महँगाई भत्ताक लाभ एक जुलाई दू हजार चौबीस सँ होयत।

---

प्रदेश मे बालू सहित आन खनिजक अवैध खनन पर आब दस लाख टाका धरिक जुर्माना लागत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे बिहार खनिज संशोधन नियमावली दू हजार चौबीसक अंतर्गत एहि आशयक प्रस्तावक स्वीकृति देल गेल। बैसकक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे पहिने अवैध खनन पर पच्चीस हजार टाका सँ लऽकऽ चारि लाख धरिक जुर्मानाक प्रावधान छल। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेट कोसी—मेची नदी जोड़ योजनाक दोसर चरणक डीपीआरक लेल चौदह करोड़ सोलह लाख टाका स्वीकृत कयलक अछि। उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे नव खनन नियमावली सँ माफिया राज आ भ्रष्टाचार पर अंकुश लगेबा मे मददि भेटत। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री सिन्हा जनौलनि जे अवैध खनन करएवला आ अवैध ढुलाई करएवला सभ पर भारी जुर्मानाक प्रावधान कयल गेल अछि। उप मुख्यमंत्री कहलनि जे अवैध खननक निगरानी आब ड्रोनक माध्यमे कयल जायत आ हेलीकॉप्टर सँ सेहो नजरि राखल जायत। श्री सिन्हा जनौलनि जे आम लोक अवैध खनन के सूचना देताह हुनका विभाग द्वारा पुरस्कृत कयल जातय। आम लोक सभक लेल राहतक सम्बन्ध मे श्री सिन्हा जनौलनि जे व्यक्तिगत काजक लेल खेत सँ मॉंटि उठेबा पर कोनो कार्रवाई नहि होयत। ओ कहलनि जे पन्द्रह अक्टूबर सँ एक सय नब्बे नदी घाट पर बालू खनन के अनुमति देल गेल अछि आ शीघ्रहि पच्चीस आओर नव नदी घाट पर सेहो अनुमति भेटत।

---

प्रदेश मे बिजली दर मे कोनो वृद्धि नहिं होयत। बिहार विद्युत विनियामक आयोग बिजली कंपनीक पुनर्विचार याचिका पर सुनवाईक बाद बिजली दर मे वृद्धिक प्रस्ताव के खारिज कऽ देलक। आयोगक अध्यक्ष आमिर सुबहानी, सदस्य अरूण कुमार सिन्हा आ पी.एस यादव के बेंच बिजली कंपनी सभ के स्पष्ट कयलक जे हुनक कोनो दावाक बिजली दर पर कोनो असरि नहि होयत। बिहार चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीज बिजलीक दर मे वृद्धिक सम्बन्ध मे विद्युत कंपनी पुनर्विचार याचिका के विद्युत विनियामक आयोग द्वारा खारिज कयल जयबाक डेग के स्वागत कयलक अछि। चैंबर के अध्यक्ष सुभाष कुमार पटवारी टैरिफ मे वृद्धि के अस्वीकृत कयल जायब के एक सकारात्मक डेग जनौलनि।

---

प्रदेश मे एहि बेर सेहो दिवाली मे फटक्काक प्रयोग पर पूरा तरहें प्रतिबंध रहत। बिहार राज्य प्रदूषण नियंत्रण पर्षद एहि सम्बन्ध मे सभ जिलाधिकारी के पत्र निर्गत कयलक अछि। पत्र मे जनाओल गेल अछि जे फटक्का सँ होबऽवला वायु आ ध्वनि प्रदूषणक कारणे एकर खरीद–बिक्री पर प्रतिबंध लगाओज जाईत अछि। ध्यातव्य अछि जे पर्षद पछिला वर्ष सेहो फटक्का पर प्रतिबंध लगौने छल आ लोक सभ के ग्रीन फटक्काक प्रयोगक सलाह देने छल।

---

रेलवे गया सँ मुम्बई के लेल सोझे ट्रेन सेवा आरम्भ कयलक अछि। ई ट्रेन प्रत्येक बुध दिन गया सँ सांझ सात बजे चलत आ राँची, रायपुर, भुसावल आ नागपुर होइत मुम्बई के लोकमान्य तिलक टर्मिनल पर पहुँचत। वापसी मे ई ट्रेन प्रत्येक शुक्रदिन एक बाजि कऽ पन्द्रह मिनट पर गयाक लेल विदा होयत। एम्हर, पूर्व मध्य रेलवे सरायगढ़–देवघर स्पेशल ट्रेन के सरायगढ़ सँ पाटलिपुत्रक मध्य चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन सरायगढ़ सँ भोर चारि बाजि कऽ बीस मिनट पर विदा भऽकऽ एगारह बाजि कऽ चालीस मिनट पर पाटलिपुत्र पहुँचत।

---

समस्तीपुर रेल मंडल मे बिना टिकट यात्रा कऽ रहल यात्री लोकनिक विरूद्ध चलाओल गेल विशेष पखवाड़ा अभियानक अंतर्गत सोलह हजार एक सय छप्पन लोक सभ के पकरल गेल। वरिष्ठ मंडल वाणिज्य प्रबंधक अनन्या स्मृति आइ आकाशवाणी के जनौलनि जे पकरल गेल बिना टिकट यात्री सभ सँ जुर्माना आ किरायाक रूप मे कुल बिरासी लाख छत्तीस हजार दू सय तिरानवे टाक वसूल कयल गेल। ओ जनौलनि जे एहि विशेष अभियान के समस्तीपुर, दरभंगा आ सहरसा सहित विभिन्न रेलखंड आ ट्रेन मे चलाओल गेल अछि।

———————————————————————

मिथिलाक प्रसिद्ध पावनि कोजागरा के लऽकऽ दरभंगा ओ आनो–आन जिला मे बेस चहल–पहल अछि। मिथिलाक सभ घर मे आइ महालक्ष्मीक पूजा–अर्चना कयल जाइत अछि। आजुक रात्रि–जागरणक सेहो परम्परा अछि। आजुक दिन पान आ मखान खयबाक परम्परा अछि। ओतहि, नव विवाहित वर के चुमाओन होइत अछि आ हुनक ओहिठाम पान–मखान, मेवा–मधुर आदिक वितरण कयल जाइत अछि।

———————————————————————

समाप्त